



Pou Piblikasyon Imedya: 09/09/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE GWO FWA ETA NEW YORK PRAL OFRI ESPERIANSS
AMELYORE AK YON PI GWO KOWÒDINASYON PAMI FWA KONTE YO AN 2022**

***Nou pral retounen nan òganizasyon pandan 13 jou a ane pwochènan pou sipòte
ogmantasyon patisipasyon moun ki renmen ale nan fwa yo, vandè yo ak ekspozan yo***

***Gouvènè a mande revizyon opòtinite yo pou amelyore pwogram jivenil ak agrikòl;
maketin ak pwomosyon pou fwa konte yo; ak politik konsènan fimèn Fwa Eta a***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke Gwo Fwa Eta New York (Great New York State Fair) pral retounen an 2022 kòm yon evènman k ap dire 13 jou, k ap òganize apati mèkredi 24 out rive nan Jounen Fèt Travay (Labor Day) la, lendi 5 septanm. Retounen nan yon evènman pandan 13 jou pral pèmèt pi gwo patisipasyon moun ki renmen ale nan fwa yo ak vandè yo non sèlman nan Fwa Eta New York, men tou nan yon kantite fwa nan konte Eta a ki te gen yon pwogram ki kowenside.

Gouvènè a te mande yon revizyon tou pou evalye opòtinite sipò, kwasans ak revitalizasyon pou tout fwa yo nan New York pandan Eta a ap avanse nan pwochen sezon fwa a. Komisyonè Depatman Agrikilti ak Mache (Department of Agriculture and Markets) a, Richard A. Ball pral travay avèk fwa konte yo pou evalye fason pou ogmante maketin ak pwomosyon nan fwa konte yo, ansanm ak opòtinite pou amelyore inisyativ pwogram jivenil ak agrikòl nan tout fwa yo toupatou nan eta a, ki gen ladan Fwa Eta a. Revizyon an pral egzamine tou politik fimèn Fwa Eta a, lè yo konsidere kòmantè ak eksperyans moun ki renmen ale nan fwa yo.

"Gwo Fwa Eta New York la se yon selebrasyon nan lye eksitan sa a ke nou tout rele lakay nou, epi Fwa ane sa a pa te diferan, lè li founi yon evènman ki san danje epi amizan pou tout moun", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Retounen nan yon pwogram pandan 13 jou ane pwochènan asire ke moun ki renmen ale nan fwa yo ka fè eksperyans ak tout espektak, ekspozisyon, vandè, ak atraksyon ke yo pi renmen yon fwa ankò alantou Fwa Eta New York la pandan y ap sipòte tou pi gwo kowòdinasyon ak konte nou yo ak fwa jèn yo. Sa a pral founi yon avantaj ekonomik ogmante pou plis kominote epi ankouraje Nouyòkè yo pou yo eksperimante sa ki pi bon nan agrikilti ak amizman atravè Eta a. Nou pare pou ede ak sipòte tout fwa yo, ak fè sa ki pi bon pou tout moun jwi yo."

Fwa Eta ki gen 180 ane a te alonje yon fason regilyè nan dènye syèk lan, pou remoute pi lwen nan mwa out soti nan dènye jou tradisyonèl li a nan Jounen Travay la. Fwa 13 jou a te yon poto mitan nan revitalizasyon resan Fwa a, ki te mennen nan kwasans ogmante ak satisfaksyon moun ki renmen ale nan fwa yo.

Komisè Agrikilti Eta a (State Agriculture), Richard A. Ball, te deklare, "Fwa Eta ane sa a prezante san danje pi bon bagay ke ta Eta New York gen pou li ofri, epi li te santi espesyal anpil apre anpil tan li pa te fèt. Kòm nou kòmanse planifye pou ane pwochèn, nou eksite sou opòtinite pou amelyore pwogram nou an, patikilyèman pandan n ap gade aktivite agrikòl ak jivenil yo, epi pou travay avèk fwa konte nou yo pou kowòdone kèk nan inisyativ sa yo. Mwen deja ap tann ak enpasyans Gran Fwa Eta New York 2022 a."

Direktè Fwa a, Troy Waffner, te deklare, "Mwen fyè de reyalizasyon nou yo pou Fwa 2021 an, ki retounen ak amizman famiyal, tradisyon yo, ak koneksyon yo avèk siksè ke nou tout te rate pandan 2020 an. Avèk retou sa a nan yon Fwa k ap dire 13 jou, nou pral gen plis kapasite pou ranfòse pwogram pou moun ki renmen ale nan fwa yo ak sipòte vandè nou yo, ki se kolòn vètebral Fwa nou an. Sa a se yon desizyon ki pral pèmèt nou konsantre resous nou yo ak kreye pi bon Fwa ki posib pou 2022."

Senatè John W. Mannion, te deklare, "Kòm vitrin ak jwayo kouwòn pou agrikilti New York ak eritaj kiltirèl eta a, Fwa a bezwen otonòm. Pandan de deseni, moun k ap chèche travay nan New York Santral te planifye ete yo anviwon de semèn travay nan Fwa a. Li klè ke yon retou nan yon pwogram Fwa tradisyonèl nan meyè enterè tout moun ki gen enterè yo. Mwen felisite Gouvènè Hochul pou angajman li nan yon Fwa pi kout ak pi bon kalite epi pou pran desizyon sa a byen bonè ane pwochèn."

Senatè Michelle Hinchey te deklare, "Pandan plis pase yon syèk, Fwa Eta a te sèvi kòm yon selebrasyon agrikilti New York, e nou vle ke tradisyon sa kontinye ak fòs. Retounen ak Fwa Eta a pandan 13 jou se vrè ajisteman pou asire etidyan 4-H nou yo, ekspozan betay yo, ak vandè biznis yo tout ka patisipe san yo pa fè konpetisyon ak pwogram yo nan pwòp fwa nan vil natal yo, ki se motè ekonomik ki esansyèl pou kominote riral yo. Chak jou ki pase nan Fwa a ta dwe yon eksperyans ki gen bon jan kalite pou moun ki renmen ale nan fwa yo ki vini pou wè endistri agrikòl rich New York la nan yon ekspozisyon konplè. Mwen rekonesan anvè Gouvènè Hochul paske li adapte Fwa a pou asire pi bon eksperyans posib e mwen pa ka tann pou mwen vizite an 2022."

Manm Asanble William Magnarelli te deklare, Gran Fwa Eta New York la se tradisyonèlman fen ete a nan Syracuse. Pandan ke n ap ancheri epi jwi amizman, manje ak varyete atraksyon ki asosye ak Fwa anyèl la, Fwa 18 jou a te kreye estrès pou vandè yo ak fèmnye yo, li te entèfere ak lòt fwa konte yo, epi, alafen a, li tou senpleman pa te nesèsè. Nou pa ka tann pou nou ogmante patisipasyon ak retou nan Fwa pandan 13 jou a."

Manm Asanble Donna Lupardo te di, "Gran Fwa NYS la se yon bèl vitrin pou eta nou an, espesyalman pou manje ak agrikilti NY. Mwen byen kontan tandè ke Fwa a pral retounen nan fòm 13 jou li a. Sa a pral asire yon eksperyans ki gen pi kalite siperyè pou tout moun ki enplike ki gen ladan ekspozan yo tankou 4-H. Mwen pa ka tann pou mwen jwi Fwa a ane pwochèn pandan n ap kontinye yon tradisyon rich ki te kòmanse an 1841."

Chèf Egzekitif Konte Onondaga a J.Ryan McMahon, li te deklare, Gran Fwa Eta New York la se yon pati enpòtan nan lavi ekonomik ak kiltirèl konte nou an. An menm tan an, li se yon pati nan yon sistèm fwa ak festival ki pi laj ki bay opòtinite nan tout eta a. Mwen sipòte retou Fwa a nan 13 jou a paske li pral bay avantaj ki pi laj pou tout moun ak pèmèt Fwa a konsantre sou kalite."

Majistra Syracuse la, Ben Walsh te deklare, "Mwen felisite Direktè Fwa a Waffner ak ekip li a pou kouraj yo pou founi yon Fwa Eta ane sa a. Yo te jere Fwa ki pi long detoulètan pandan y ap aplike mezi sekirite pou pwoteje kont COVID-19. Depi ke yo fin netwaye ak repati evènman ane sa a, mwen konnen Troy ak ekip li a pral planifye pou ane pwochèn. Mwen panse Gouvènè Hochul ap bon desizyon lè li retounen ak yon pwogram 13 jou. Sa a se yon fòm ki mache pou kreye anpil opòtinite pou moun yo patisipe epi jwi pi bon eksperyans."

Jason Lawrence ki se Direktè Komite Fwa nan Konte Chenango ak Prezidan Asosiyasyon Fwar Agrikòl Eta New York (New York State Association of Agricultural Fairs) te deklare, "Asosiyasyon Fwa Agrikòl eta a bat bravo pou Gouvènè Hochul pou desizyon sa a. Li diminye konfli nan mitan fwa yo ak asire ke fwa yo ka gen aksè ak evantay vandè ki pi laj. Li pral pèmèt ekspozan agrikòl yo tou, espesyalman ekspozan jèn yo, pou yo fè pati alafwa fwa nan konte lakay yo ak nan Fwa Eta a."

David Fisher, ki se Prezidan Biwo Fèm Agrikòl New York (New York Farm Bureau, NYFB), te deklare, "Fwa eta ak konte yo se yon pati enpòtan nan eksperyans riral nan Eta New York, espesyalman li bay jèn nou yo opòtinite pou yo grandi ak aprann atravè pwogram edikatifak elvaj bèt. Nou felisite Gouvènè Hochul paske li chèche fason pou amelyore aprantisaj ki fèt anndan ak deyò fèm lan, sa k ap pi byen konekte moun ki renmen ale nan fwa yo ak agrikilti",

Cameron Murray ki soti nan Chester's Gators & Taters, te deklare, "Mwen kontan anipl konsènan chanjman pou retounen nan 13 jou a. Sa bay anplwaye mwen yo, mwen menm ak konpayi mwen an yon chans pou nou patisipe nan de nan pi gwo fwa nan peyi a san nou pa bezwen divize operasyon nou an oswa san nou pa bezwen chwazi yon fwa New York sou yon lòt."

Grazi Zazzara ki soti nan Paradise Companies, operatè nan Villa Pizze Fritte ak lòt platfòm Fwa, te deklare, Gran Fwa Eta New York la atenn pik li lè li dire 13 jou. Mwen kontan wè nouvo administrasyon an priyoreze kalite sou kantite. Li pral pi bon pou tout moun epi Fwa a pral toujou rete pi gwo ak pi bon festival ete eta a.

"Kevin Henry ki soti nan Henry's Hen House te deklare, "Sa se pi bon bagay pou fè. Nou ka fè nan 13 jou sa nou fè nan 18 jou. Sa pral pèmèt nou jere biznis nou yo pi byen epi fè pi bon travay posib pou moun ki renmen ale nan fwa yo".

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)